

Kijan mwen ka jwenn asirans Medicaid pou pitit mwen an?

Kisa Medicaid ye?

[Medicaid \(yo rele l tou Asistans Medikal\)](#) se yon pwogram asirans sante ki ede garanti depans medikal pou moun ak fanmi ki kalifye yo. Kondisyon kalifikasyon ak avantaj yo varye soti yon Eta pou al nan yon lòt.



Èske pitit mwen kalifye pou Medicaid nan Pennsilvani?

[Kondisyon kalifikasyon pou Medicaid](#) yo konplike. Pi bon fason pou wè si pitit ou kalifye pou Medicaid se aplike. Men yon revizyon jeneral sou limit revni Medicaid yo:

- **Pou fanm ansent ak tibebe**, Limit revni an se 220% FPL la. Pou yon fanmi ki gen twa moun, sa se anviwon \$5,000/mwa oubyen \$60,000/ane anvan taks.
- **Pou timoun ki gen laj ennan jiska senk an**, limit revni an se 162% FPL la. Pou yon fanmi ki gen twa moun, se anviwon \$3,500/mwa oubyen \$42,000/ane anvan taks.
- **Pou timoun ki gen laj sis a 18 lane**, limit revni an se 138% FPL la. Pou yon fanmi ki gen twa moun, sa se anviwon \$3000/mwa oubyen \$36,000/an anvan taks.

Nan kèk ka, revni paran oswa responsab swen an pa konte, kidonk li pi bon pou w aplike pou wè si pitit ou a kalifye. Timoun ki resevwa Revni Sekirite Sipleman tè (SSI) pou andikap kalifye otomatikman pou pwoteksyon Medicaid.

Si revni nou depase limit Medicaid la, èske pitit mwen an ka toujou jwenn asirans?

[Medicaid pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal \(PH95\)](#) pèmèt timoun ki andikape yo resevwa Asistans Medikal (Medicaid) nan Pennsilvani. PH95 bay pwoteksyon konplè e gratis pou timoun ki gen andikap jiska 18 lane ki gen paran ki fè twòp lajan pou yo kalifye pou kategori tradisyonèl Medicaid yo.



[Pwogram Asirans Sante pou Timoun \(CHIP\)](#) sa gendwa yon opsyon si pitit ou a pa kalifye pou Medicaid oswa PH95. CHIP gen yon pwoteksyon



ki pi limite pase Medicaid epi li gendwa egzije prim ak kopeman. Pwosesis aplikasyon an se menm jan ak lè w ap aplike pou Medicaid.

Kijan pou m aplike?

- **Aplike sou Entènèt** nan www.compass.dhs.pa.gov (klike sou "Get Started" (Kòmanse))
- **Aplike nan telefòn** nan 1-866-550-4355
- **Aplike fasafas** nan Biwo Asistans Konte lokal ou a (CAO).
 - Chèche biwo ou a: gov/agencies/dhs/contact/cao-information.html

Kijan pou m dokimante andikap mwen pou yon aplikasyon Medicaid PH-95?

- **Ranmase tout dokiman ki montre andikap pitit ou a**, ki gen ladan yo:
 - Dosye medikal ak enfòmasyon sou dyagnostik pitit ou a
 - Rapò evalyasyon Entèkansyon Prekòs (ChildLink oswa Elwyn)
 - Evalyasyon sante mantal oswa rapò egzemat.
- **Telechaje dokiman yo sou Compass lè w ap aplike.** Ekri For consideration for eligibility under the PH95 loophole (*Pou yo konsidere kalifikasyon nan kad fay ki genyen nan PH95 la*) kòm yon nòt ak dokiman ki telechaje yo.
- **Asire w ou bay tout enfòmasyon yo** sou revni fwaye ou ak travay ou lè w ap aplike a.

Kijan m ka jwenn èd pou m aplike?

- BenePhilly, 1-800-994-5537 oubyen benephilly@phila.gov
- PA Health Access Network (PHAN), pahealthaccess.org, 877-570-3642

Yo te refize aplikasyon mwen an. Kijan m ka jwenn èd?

- Pennsylvania Health Law Project (PHLP), www.phlp.org, 1-800-274-3258
- Community Legal Services (CLS) Health & Independence Unit, clsphila.org/services/medicaid, 215-227-2400